



Depistaj Kansè Kolorektal

Kansè kolorektal (yo rele tou kansè nan kolon) rive lè kwasans anòmal yo rele polip nan kolon oswa nan rektòm nan vin tounen kansè.

Pi bon fason pou anpeche kansè kolorektal se fè tès depistaj. Lè w fè yon tès depistaj kansè kolorektal, sa ede detekte polip yo ki lakòz kansè kolorektal byen bonè lè tretman an travay pi byen. Polip yo pa ka lakòz okenn sentòm okòmansman, kidonk pa tann sentòm yo parèt anvan ou fè tès la.

Tout moun ki gen ant laj 45 ak 75 zan ta dwe pale ak doktè yo pou yo fè tès depistaj pou kansè kolorektal. Kèk moun ki poko gen 45 an ta dwe fè tès depistaj tou, tankou:

- Si oumenm oswa yon manm fanmi ou te gen kansè kolorektal oswa polip
- Si oumenm oswa yon manm fanmi ou te gen maladi enflamatwa nan entesten (*inflammatory bowel disease, IBD*), ki gen ladan maladi Crohn oswa ilsè kolit.
- Si oumenm oswa yon manm fanmi ou gen yon sendwòm jenetik, tankou polipoz adenomatez familyal (*familial adenomatous polyposis, FAP*) oswa sendwòm Lynch.

Gen plizyè fason pou fè yon tès depistaj kansè kolorektal. Kèk nan sa yo genyen ladan yo:

- Tès iminochimik fekal (*fecal immunochemical test, FIT*) oswa tès san kache nan matyè fekal (*fecal occult blood test, FOBT*) ou fè lakay ou lè w voye yon echantyon pou pou nan yon laboratwa.
- Koloskopi
- Sigmoyidoskopi fleksib

Si ou pa gen asirans sante, ou ka toujou kapab fè yon tès depistaj kansè kolorektal. Pale ak doktè Sun River Health ou a pou w konnen ki opsyon ki disponib.

Swen ou bezwen an. Respè ou merite a.

844.400.1975 | sunriver.org